

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa mangrupa salasihiji unsur pangpentingna dina hirup kumbuh manusa. Tanpa ayana basa, moal aya komunikasi antara papada jalma. Ku kituna, unggal jalma diperedih sangkan bisa nyangkem hiji basa kalawan hadé, kaasup basa Sunda anu mangrupa basa indung masarakat Jawa Barat.

Sakumaha Peraturan Daérah Provinsi Jawa Barat no. 5 taun 2003 ngeunaan *Pemeliharaan Bahasa, Sastra, dan Aksara Daérah, yang menetapkan bahasa Daérah, antara lain bahasa Sunda, diajarkan di pendidikan dasar di Jawa Barat*, kiwari basa Sunda wajib diajarkeun ka barudak sakola. Hal ieu mangrupa salasihiji cara pamaréntah pikeun ngamumulé basa wewengkon Jawa Barat.

Dina pangajaran basa jeung sastra Sunda aya opat kaparigelan anu wajib dikawasa ku siswa, nya éta maca, nulis, nyarita, jeung ngaregepkeun. Tina opat kaparigelan éta, salasihiji kaparigelan basa anu meredih sangkan siswa leuwih aktif jeung produktif nya éta kaparigelan nulis. Nurutkeun Tarigan (2008: 22), nulis nya éta nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun basa hiji jalma, nepi ka jalma lian bisa nyangkem éta basa.

Nulis téh salasihiji pakakas pikeun ngayakeun komunikasi anu kacida pentingna di dunya atikan, sabab nulis bisa ngagampangkeun siswa dina prosés mikir. Tulisan bisa mantuan mikir kritis, bisa ngagampangkeun matalikeun

hubungan-hubungan, bisa ngungkulan pasualan-pasualan anu keur disanghareupan, sarta bisa nyusun runtuyan pangalaman. Tulisan bisa ngajéntrékeun pamikiran-pamikiran anu aya dina diri nu nulis.

Dina nulis siswa dipiharep bisa ngagunakeun sakabéh unsur kabasaan jeung unsur di luar basa anu jadi eusi tulisan. Ku sabab kitu kaparigelan nulis leuwih hésé dikawasa tibatan kaparigelan séjénna.

Upama siswa geus ngawasa kana kaparigelan nulis, tangtuna bakal gampang ngawasa kaparigelan séjénna. Tapi dina kanyataanna loba pisan masalah anu disanghareupan siswa nalika nulis. Teu saeutik siswa anu masih kénéh ngarasa hésé dina néangan idé atawa gagasan, nangtukeun judul karangan, nyieun kalimah munggaran, milih kecap, nepi ka siswa teu mampuh ngébréhkeun idéna kana wangun tinulis. Anu antukna ngajadikeun siswa teu resep kana kagiatan nulis.

Dumasar kana masalah-masalah anu kapanggih di luhur, perlu aya alternatif métode pangajaran nulis, hususna nulis karangan narasi anu jadi puseur panalungtikan panulis. Alternatif pangajaran anu dipaké pikeun ningkatkeun éféktivitas pangajaran nulis karangan narasi nya éta ngagunakeun média komik. Gagne jeung Brigs (1975) dina Arsyad (2011: 4) nétélakeun yén media pangajaran nya éta sarana fisik pikeun nepikeun matéri pangajaran, saperti buku, pilem, *vidéo*, kasét, poto, gambar, grafik, TV, komputer, jeung sajabana. Sedengkeun komik nya éta bentuk kartun anu ngébréhkeun karakter jeung ngalarapkeun hiji

carita dina runtuyan anu deukeut kaitanna jeung gambar sarta dirancang pikeun méré hiburan ka nu maca. (Daryanto ,2011: 117).

Média komik dipaké sangkan kagiatan diajar, hususna diajar nulis karangan narasi henteu monoton tur leuwih variatif pikeun ngaronjatkeun motivasi siswa kana pangajaran basa Sunda umumna.

Ieu panalungtikan lain mangrupa panalungtikan munggaran, sabab saméméhna geus aya panalungtik séjén anu nalungtik kaéféktifan media komik pikeun kaparigelan maca, kalawan judul “Éféktivitas Media Komik pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Pamahaman Dongéng” anu ditalungtik ku Luxas Priansyah taun 2011. Sarta hasilna kabukti éféktif. Sabenerna ieu panalungtikan téh bisa jadi lanjutan tina panalungtikan nu ditalungtik ku Luxas Priansyah, sabab upama nu saméméhna mah meredih siswa sangkan maham eusi carita anu dikomikkeun, dina ieu panalungtikan mah sabada siswa maham eusi carita, siswa diperedih sangkan bisa nyaritakeun deui éta eusi carita dina wangun karangan narasi. Runtuyan gambar anu dipidangkeun dina komik dipiharep bisa mantuan ngahudang imajinasi siswa, nepi ka siswa teu ngarasa hésé deui dina ngamekarkeun idé jeung gagasanna pikeun nyusun kajadian-kajadian anu aya dina gambar dina wangun tinulis.

Ku kituna, dumasar kana hal-hal anu geus kapanggih di luhur, ngajurung pikeun diayakeun panalungtikan sarta pikeun ngabuktikeun kaéféktifan média komik dina pangajaran basa Sunda, hususna pangajaran nulis karangan narasi. Ieu panalungtikan dibéré judul “Média Komik dina Pangajaran Nulis Karangan

Narasi, (Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2011/2012)”.
Taun Ajaran 2011/2012)”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Ieu panalungtikan téh diwatesanan ngan saukur maluruh media komik pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas VII A SMP Negeri 15 Bandung taun ajaran 2011/2012.

1.2.2 Rumusan Masalah

Upama nilik kana watesan masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan bisa dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh siswa kelas VII A SMP Negeri 15 Bandung taun ajaran 2011/2012 dina nulis karangan narasi saméméh ngagunakeun média komik?
- 2) Kumaha kamampuh siswa kelas VII A SMP Negeri 15 Bandung taun ajaran 2011/2012 dina nulis karangan narasi sabada ngagunakeun média komik?
- 3) Naha média komik éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas VII A SMP Negeri 15 Bandung taun ajaran 2011/2012?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho signifikansi kasuksésan média komik kana kamampuh siswa kelas VII A di SMP Negeri 15 Bandung dina nulis karangan narasi.

1.3.2 Tujuan Husus

Anu jadi tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun hal-hal ieu di handap.

- 1) Kamampuh siswa kelas VII A SMP Negeri 15 Bandung dina nulis karangan narasi saméméh ngagunakeun média komik;
- 2) Kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas VII A SMP Negeri 15 Bandung sabada ngagunakeun média komik;
- 3) Tingkat éféktivitas média komik dina ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas VII A SMP Negeri 15 Bandung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan, nya éta pikeun ngeuyeuban wangun média pangajaran nulis karangan narasi. Salian ti éta, ku ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa leuwih ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan narasi siswa.

1.4.2 Mangpaat Praktis

1) Mangpaat pikeun Guru

Bisa ngukur kamampuh siswa dina nulis, hususna nulis karangan narasi.

2) Mangpaat pikeun Siswa

Bisa nimbulkeun karesep siswa kana nulis jeung maca. Hususna maca wacana téks basa Sunda jeung nyaritakeun kajadian nu aya dina gambar kana wangun karangan narasi. Salian ti éta, ku ayana média nu digunakeun dina ieu panalungtikan dipiharep bisa mantuan siswa anu ngarasa hésé dina nulis karangan narasi.

3) Pikeun nu Nalungtik

Bisa mikanyaho kaéféktifan média anu ditalungtik.

4) Mangpaat pikeun Paélmuan

Bisa nambahan pangaweruh jeung ambahan sarta wanda bahan pangajaran basa Sunda sangkan leuwih lega.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi eusina aya lima bab. Dina Bab I dipedar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan. Dina Bab II dipedar ngeunaan média pangajaran, komik, pangajaran nulis, karangan narasi, asumsi jeung hipotésis panalungtikan. Dina Bab III dipedar ngeunaan sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik

ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, uji gain, jeung uji hipotétis. Dina Bab IV dipedar ngeunaan média komik dina pangajaran nulis karangan narasi, anu ngawengku analisis kamampuh nulis ngangunakeun média komik, analisis kaéfektifan média komik, pedaran kaéfektifan média komik, analisis hasil karangan siswa, jeung nguji hipotésis anu geus dirumuskeun dina bab II. Sarta Bab V anu mangrupa kacindekan jeung rékoméndasi.

